

# Atansyon Manm MassHealth ki gen Andikap yo



Ou pral bezwen renouvle asirans sante ou ane sa a. MassHealth vle ede ou menm ak fanmi w rete pwoteje.  
**Pran twa etap pou renouvle asirans sante ou:**

-  **1. Mete enfòmasyon w yo ajou** |  **2. Verifye bwat postal ou** |  **3. Reponn MassHealth**

## E si mwen resevwa SSI?

Si w resevwa yon avantaj Revni Asirans Sipleman (SSI) nan men Administrasyon Sekirite Sosyal la, w ap kenbe asirans sante MassHealth ou an otomatikman. Sa a p ap chanje. Nou p ap voye yon fòmilè renouvèlman ba ou nan lapòs.

## Èske m ap bezwen renouvle prèv andikap mwen an?

Si w bezwen aktyalize prèv andikap ou a, MassHealth ap voye enfòmasyon ba ou nan lapòs.

## E si mwen te fenk demenaje?

MassHealth pral voye enfòmasyon ou yo ba ou nan adrès ou genyen nan dosye a pa lapòs. Asire w ou mete enfòmasyon ou yo ajou!

## Ou bezwen akomodasyon?

- Kontakte Sèvis Kliyantèl MassHealth: Vwa [800-841-2900] oswa TDD/TTY: 711"
- Rele Sèvis Kliyantèl MassHealth pou mande fòmilè renouvèlman an gwo lèt oswa bray
- Mande èd nan men Medyatè Andikape MassHealth la nan ADAaccomodations@state.ma.us; Vwa: 617-847-3468, TTY: 617-847-3788
- Pran yon rankont an pèsòn nan yon Sant Enskripsyon MassHealth, ki ofri Entèpretasyon Adistans Videyo sou Demann (VRI) ak Aparèy Ekout Adistans (ALD yo)

**Si w bezwen èd nan men yon manm fanmi ou sa a pou ranpli renouvèlman w lan, ou ka ranpli epi siyen Fòmilè Pèmasyon pou Pataje Enfòmasyon an (PSI) oswa Fòmilè Deziyasyon Reprèzantan Otorize a (ARD).**

- Fòmilè sa yo pèmèt nou pataje enfòmasyon kalifikasyon w ak moun ki site sou fòmilè a ("reprèzantan" an).
- Si w te ranpli yon PSI sa gen plis pase 12 mwa, w ap bezwen ranpli yon nouvo.

**Aji san pèdi tan.  
Kenbe pwoteksyon  
asirans ou.**



[masshealthrenew.org](https://masshealthrenew.org)

